# MUSOMOBIL

*GID POU ITILIZE MUSOMOBIL*

## *MODIL 2 - Kòman anrejistre manm mityè yo*

### 1- *Pezantasyon Dashbòd MUSOMOBIL la*




Sa se dashbòd musomobil la

A goch an gri se tout meni musombil yo. Gen 7 gwo menu ki divize en sou-meni.




Gwo meni yo se :

**MISO – MANM – KÈS VÈT – KÈS WOUJ – KÈS BLE – PRÊ - RAPO**

Lòt pati sa, se espas kote kès yo ye a afiche reyalite kès mityèl yo, montan nan kès yo ap modifye otomatikman chak fwa yon tranzaksyon pase sou dashbòd miso.




Gen yon pati a dwat anlè kote ou ka chanje lang dachbòd la  epi dekonekte lè w fin sèvi ak musomobil la pou ou pa kite l ouvè.  Epi anba gen kek lòt enfòmasyon sou mityèl la.

## 2-  *Anrejistre mamm mityèl yo*

*Nan gran meni yo, gen yon meni ki rele* ***MAMM*** *se la ou prale lè w ou vle anrjistre yon nouvo manm, oubyen wè enfòmasyon sou yon manm.*




*Meni manm lan gen 2 sou-meni,* ***Ajoute yon manm*** *ak* ***Manm yo***

Pou w ajoute yon manm, wap klike sou meni **Ajoute manm** lan epi w ap tombe sou ekran sa :




W ap jwenn yon fòmilè konsa pou anrejistre manm mityèl yo youn apre lòt.

Sonje lè wap ranpli fòmilè a pou ou prete atansyon ak mesaj lap ba ou yo ki an rouj si manm la pa rive anrejistre paske gen kek caz ki obligatwa konsa tou genyen ki pa obligatwa.

### Lè w klike sou MANM -> MANM YO

Sa ap pèmèt ou wè lis mamm mityè ou a ki déjà anregistre




Sou chak liy se enfòmasyon pou chak grenn manm ki afiche. Pou a aksede plis enfomasyon sou yon mamm ou ka klike sou bouton wè ki nan fen chak liy manm yo.

## Klike sou wè pèmèt ou tombe sou paj manm lan menm




Sa pèmèt ke w ka ***wè tout enfòmasyon sou manm*** mityèl la, li pèmèt ou ***ajoute lòt enfòmasyon*** ki manke sou manm nan, ***Modifye Enfòmasyon sou manm lan***, ***chanje modpas manm lan, Ajoute yon foto pou mamm lan*** ak ajoute yon **imel** pou li.

## *Modifye enfo, pèmèt ou modifye enfòmasyon sou mamm lan*



***Ajoute foto, pèmèt ou ajoute yon foto manm lan sou platfom mityel la***




Pou ajoute yon manm w ap klie sou MANM epi sou Ajoute Yon manm

***Tranzaksyon Membre,*** *Pèmèt ou wè tout kotizasyon manm sa fè nan kès vèt ak nan kè wouj, li pèmèt ou wè tou tout prè ke manm sa te fè nan mityèl la*




Modil manm lan trè enpotan pou w nou konprann paske, paske pa gen mityèl san manm

***Mèsi paske ou chwazi musomobil pou jere MISO ou a***